

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE PWOSESIS
ENSPEKSYON ANYÈL POU ENSANDI NAN LEKÒL YO**

Pwojè Lwa a Asire ke Moun ki Kalifye Reyalize Enspeksyon pou Ensandi yo

Li Ranfòse Egzijans pou Lekòl yo Soumèt Rapò Anyèl sou Sekirite pou Ensandi

Cuomo: "Sekirite timoun nou yo se yon gwo priyorite, epi pandan yo pèsevwa pafwa enspeksyon pou ensandi nan lekòl yo kòm jis yon lòt egzijans administratif, laverite a sè ke lavi yo kapab an danje si yo pa fèt byen. Lwa sa a pral ede asire ke se moun ki kalifye epi ki fòme kòrèkteman ki jere enspeksyon sa yo, dekwa pou yo ka byen pwoteje elèv yo epi anpeche trajedi ki evitab yo".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.4663-B/A.1906-A) pou modènize pwosesis pou reyalize rapò anyèl enspeksyon pou ensandi pou lekòl piblik ak prive yo. Pwojè Lwa a entèdi moun ki pa kalifye yo reyalize enspeksyon an epi li egzije lekòl yo mande enspeksyon nan depatman ponpye lokal la oswa enspektè ensandi ki sètifye. Pwojè Lwa a bay lekòl yo fleksibilite nan reponn ak egzijans avi piblik ki asosye ak enspeksyon sa yo epi li elimine pwovizyon "san responsabilite (hold harmless)" a ki te pèmèt enspektè ki te fè erè nan yon rapò enspeksyon echape ak responsabilite yo.

"Sekirite timoun nou yo se yon gwo priyorite, epi pandan yo pèsevwa pafwa enspeksyon pou ensandi nan lekòl yo kòm jis yon lòt egzijans administratif, laverite a sè ke lavi yo kapab an danje si yo pa fèt byen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lwa sa a pral ede asire ke se moun ki kalifye epi ki fòme kòrèkteman ki jere enspeksyon sa yo, dekwa pou yo ka byen pwoteje elèv yo epi anpeche trajedi ki evitab yo."

Tandiske Lwa aktyèl la egzije lekòl yo soumèt yon rapò anyèl sou sekirite pou ensandi ki gen ladan yon enspeksyon batiman lekòl yo, pa gen okenn rekou pou lekòl ki pa fè sa yo. Pwojè Lwa a klarifye pouvwa aktyèl komisè yo pou refize bay sètifika okipasyon an si yon lekòl piblik pa korije defisyans yo apre yon enspeksyon. Si yon lekòl prive pa respekte egzijans sa yo, komisè a dwe enspekte oswa mande yon otorite lokal pou enspekte batiman an.

Senatè David Carlucci te deklare, "Enspeksyon pou ensandi pou lekòl yo kenbe timoun nou yo an sekirite epi pwoteje premye sekouris nou yo. Nouvo Lwa nou an pral ranfòse enspeksyon yo nan asire ke se moun kalifye ke yo ap rann responsab lè pwoblèm yo pa korije ki fè yo nan yon delè apwopriye. Mesi Gouvènè Cuomo dèske ou mete sekirite timoun ak pèsònèl lekòl yo an premye lè ou siyen pwojè Lwa sa a pou vini yon lwa".

Manm Asanble Kenneth Zebrowski te deklare, "Chak batiman lekòl, piblik ak prive, ta dwe an sekirite epi an amoni ak nòm yo. Malerezman, yo pat touche regilasyon sou enspeksyon lekòl yo pandan plizyè deseni, sa ki mennen nan yon pwosesis ki akayik kote kèk batiman lekòl kapab rete san enspekte ak danjere. Pwojè lwa sa a remanye pwosesis la pou asire ke se moun ki kalifye ki enspekte chak lekòl, avèk responsabilite ak aplikasyon. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou kolaborasyon li sou refòm enpòtan sa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)